

HAITIAN CREOLE EDITION
GLOBAL HISTORY AND GEOGRAPHY
THURSDAY, JANUARY 27, 2005
9:15 a.m. to 12:15 p.m., only

The University of the State of New York
REGENTS HIGH SCHOOL EXAMINATION

ISTWA JENERAL AK JEYOGRAFI

Jedi, 27 janvyè 2005 — 9:15 dimaten pou 12:15 apremidi, sèlman

Non Elèv la _____

Non Lekòl la _____

Ekri non w ak non lekòl ou a an karaktè enprimri sou liy pi wo la yo. Epi ale nan dènye paj nan tiliv la, se la w ap jwenn fèy repons pou Premye Pati an. Pran san w pou w pliye dènye paj la nan kote ki dantle yo tou dousman epi chire paj repons lan. Apre sa, mete enfòmasyon yo mande nan tèt fèy repons lan. Kounye a, ekri non w ak non lekòl ou a an karaktè enprimri nan tèt chak paj tiliv redaksyon an.

Egzamen sa a gen twa pati. Ou fèt pou w reponn **tout** kesyon nan chak pati. Sèvi ak plim nwa oubyen plim ble fonsè pou w ekri repons yo.

Premye Pati a gen 50 kesyon ochwa. Ekri repons pou kesyon sa a yo nan fèy repons ki apa a.

Dezyèm Pati a gen yon kesyon redaksyon tematik. Ekri repons pou kesyon sa a nan tiliv redaksyon an, kòmanse nan paj 1.

Yo baze **Twazyèm Pati** a sou divès dokiman:

Seksyon A nan Twazyèm Pati a gen dokiman yo. Chak dokiman akonpaye ak yon kesyon oubyen plis. Nan tiliv egzamen an, ekri repons pou chak kesyon sou liy ki vin apre kesyon an. Sonje ekri non w ak non lekòl ou a nan premye paj seksyon sa a.

Seksyon B nan Twazyèm Pati a gen yon redaksyon ki baze sou dokiman yo. Ekri repons la pou kesyon sa a nan tiliv redaksyon an, kòmanse nan paj 7 la.

Lè w fini egzamen an, se pou w siyen deklarasyon ki ekri sou fèy repons Premye Pati a. Deklarasyon an di ou pa janm konnen ni kesyon ni repons egzamen anvan ou konpoze epi ou pa ni bay poul ni pran poul pandan w tap konpoze. Yo pap aksepte fèy repons ou an si ou pa siyen deklarasyon sa a.

PA OUVRI LIV EGZAMEN AN TOUTOTAN OU PA RESEVWA SIYAL LA POU OUVRI L.

Premye Pati

Reponn tout kesyon nan pati sa a.

Esplikasyon (1–50): Pou chak pawòl oubyen pou chak kesyon, chwazi *nimewo* ki gen mo oubyen espresyon ki pi byen konplete pawòl la oubyen kesyon an, pami sa yo bay yo, sou fèy repons lan.

1 **“Akeyològ Revize Entèpretasyon Istorik Apre Nouvo Dekouvèt”**

“Nouvo Rechèch Pote Limyè sou Kòz Premye Gè Mondyal”

“Teknoloji Konpitè Ede Rekonstwi Ansyen Lang yo”

Gran tit sa yo fè konnen konpreyansyon reyalite istorik yo

- (1) rete menm jan an avèk tan ki pase
- (2) pase de jenerasyon an jenerasyon
- (3) demontre yon seri opinyon pèsònèl diferan
- (4) pran fòm yo dapre prèv ki genyen yo

2 Kisa ki te yon rezilta enpòtan Revolisyon Neyolitik la te pote?

- (1) Yo te ka konte pi plis sou resous alimantè.
- (2) Te vin gen nouvo sous enèji ki te disponib.
- (3) Te vin gen pi plis pèp nomad.
- (4) Popilasyon yo te bese.

3 Konsekans ogmantasyon wout komès maritim ak terès la se te

- (1) enterè nan envansyon ak teknoloji ki te bese
- (2) migrasyon pèp yo ki te limite
- (3) difizyon kiltirèl ki te ogmante
- (4) devlopman agrikilti pou sibzistans

4 Anvan yo te konn sèvi ak Chemen Swa (*Silk Road*) kouman jeyografi te afekte Chin okòmansman?

- (1) Mòn ak dezè nan pati wès ak nan pati sidwès nan Chin te ralanti echanj ide yo.
- (2) Rejyon nòdwès la te bay anpil zòn fèt ki te bon pou agrikilti.
- (3) Twa pi gwo sistèm rivyè yo te sèvi kòm baryè kont envazyon.
- (4) Piske pat gen pò ki gen dlo pwofon sou kòt ès la, sa te anpeche Chin devlope komès ak lòt nasyon.

5 Ki tit ki konplete moso gran liy sa a bi byen?

- I. _____
- A. Limit natirèl pou dezè, mòn, ak lanmè
 - B. Inondasyon chak ane ap anrichi teren agrikòl
 - C. Wayòm Ansyen ak Mwayen
 - D. Pwodiksyon plant papiris

- (1) Ejipt—Kado Nil
- (2) Mezopotami—Tè ant Rivyè yo
- (3) Tristès Chin—Rivyè Huang He
- (4) Arapa—Vil sou Endis

- 6 • Fanm women ta ka posede pwopriyete.
• Fanm women ta ka fè testaman pou kite pwopriyete yo pou nenpòt moun yo chwazi.

Yon konklizyon valab yo ka dedwi dapre detay sa yo se fanm women

- (1) te gen dwa vote
- (2) te jwi kèk dwa legal
- (3) te egal ak gason
- (4) ta ka gen pòs politik

7 Ki kwayans ki asosye pi plis ak ansèyman Siddhartha Gautama (Buddha) yo?

- (1) Moun fèt nan yon kas byen presi.
- (2) Kwayan yo dwe swiv Dis Kòmmanman yo.
- (3) Fidèl yo dwe fè jèn pandan Ramadan.
- (4) Moun ka simonte dezi yo si yo swiv Chemen Wit Branch la (*Eight-Fold Path*).

8 Ki anpi ki te gen pi gwo enfliyans sou devlopman Risi okòmansman

- (1) Women
- (2) Bizanten
- (3) Ejipsyen
- (4) Britanik

- 9 • Montre respè pou paran
 • Kenbe onè fanmi
 • Onore tout ansyen yo

Ki pawòl ki gen rapò ki pi pwòch ak twa aksyon sa yo?

- (1) nivana (3) pyete filyal
 (2) animis (4) hadj (hajj)

Baze repons ou pou kesyon 10 sou pasaj ki pi ba la a, epi sou konesans ou nan syans sosyal.

. . . Epi nou pa ka konnen ki kantite domaj ki te genyen, piske negosyan yo nonmen yo tap pran abitan natifnatal nou yo, pitit tè a yo ak pitit nòb ak vasal nou yo epi fanmi nou yo, paske vòlè yo ak moun move konsyans yo te pran yo epi yo te vle gen byen ak machandiz Wayòm sa a paske yo te gen anbasyon kont li, yo te sezi yo epi yo te fè vann yo; epi, Msye, koripsyon an ak san lisans lan [san restriksyon] tèlman fò peyi nou an vin konplètman depeple, epi Samajeste pa ta dwe dakò ak sa ni li pa ta dwe akseptè li jan li ye nan sèvis ou a. . . .

— Nzinga Mbemba (Wa Affonso), Lèt pou Wa Pòtigal la, 1526

- 10 Ki evennman nan istwa Afrik yo dekri nan pasaj sa a?
 (1) esplorasyon anndan Afrik
 (2) dekouvèt min lò nan Nijerya
 (3) Bèljik pran posesyon Kongo
 (4) Komès esklav nan Atlantik

- 11 Trè karakteristik sistèm feyodal nan ni Ewòp medyeval la ni nan Japon okòmansman se te
 (1) yon sistèm politik desantralize
 (2) divèsite relijye
 (3) yon enpòtans nan edikasyon ki te vin pi plis
 (4) devlopman yon klas mwayen ki rich

- 12 Vwayaj Marco Polo yo ak vwayaj Ibn Battuta yo te sanble paske vwayaj sa yo te
 (1) pote mouvman nasyonalis yo
 (2) ede pwopaje ide lidè relijye yo
 (3) ankouraje espansyon komès
 (4) sipòte fòm gouvènman demokratik yo

- 13 Nan kòmansman ane 1500 yo, “Katrevenkenz Tèz” Martin Luther yo, “Zak Sipremasi” Henry VIII la, epi *Enstiti Relijyon Kreyen* John Calvin yo te kontribye nan

- (1) yon diminisyon nan pouvwa legliz katolik
 (2) yon ogmantasyon nan espri nasyonalis nan Angletè Tudor la
 (3) ogmantasyon pouvwa noblès feyodal ann Ewòp
 (4) yon gwo konfli nan mitan Kreyen Otodòks nan Zòn Ès la

Baze repons ou pou kesyon 14 sou enfòmasyon ki pi ba la a, epi sou konesans ou nan syans sosyal.

Dekrè 1635 ki Pase Lòd pou Fèmen Japon


- Yo entèdi sevèman pou bato Japonè yo ale nan peyi etranje.
- Yo pa pèmèt okenn Japonè monte abò. Si gen nenpòt moun ki eseye fè sa an sekrè, yo fèt pou egzekite li. Yo dwe sezi bato ki patisipe nan aktivite sa a, epi arete mèt li, epi yo dwe rapòte kesyon sa a bay pi gwo otorite ki genyen an.
- Si nenpòt Japonè tounen soti aletranje apre li te abite la, yo dwe egzekite li. . . .
- Yo dwe rekonpanse nenpòt espyon ki devwale ki kote moun kap swiv padres (Kreyen) yo ye poutèt sa yo fè a. Si nenpòt moun devwale ki kote yon padre ki gwo zouzoun ye, yo dwe ba li san (100) pyès ann ajan. Pou sa ki nan ti ran pi ba yo, toudepann de sa yo fè a, rekonpans lan dwe etabli an konsekans. . . .

Sous: David John Lu, *Sources of Japanese History*, McGraw-Hill

- 14 Règleman sa yo montre prensip Japonè te genyen pou
 (1) totalitaris
 (2) apezman
 (3) entèdepandans
 (4) izolasyonis

- 15 Pandan Revolisyon Komèsyal la, ki kote sant komèsyal te devlope pi souvan?
 (1) nan mòn yo
 (2) tou pre preri yo
 (3) sou wout navigab yo
 (4) sou tundra a

Baze repons ou pou kesyon 16 sou kat ki pi ba la a, epi sou konesans ou nan syans sosyal.



Sous: Goldberg ak DuPré, *Brief Review in Global History and Geography*, Prentice Hall (adapte)

16 Dapre kat la, ki konklizyon jis yo ka dedwi sou Chin pandan Dinasti Tang ak Song yo?

- (1) Pifò wout komèsyal te kòmanse nan Beijing.
- (2) Wout komès sou tè nan Chin te konekte Chin ak Japon.
- (3) Zòn ki te sou kontwòl disnati sa yo pat chanje.
- (4) Chin te fè anpil komès ak lòt peyi ak rejyon.

17 Nan Angletè, Magna Kata, Revolisyon Piriten, Revolisyon Glorye, ak Deklarasyon Dwa Angle a te lakòz devlopman yon

- (1) diktati
- (2) monachi absoli
- (3) teyokrasi
- (4) monachi limite

18 Yon etid sistèm agrikòl Aztèk, Maya ak Enka ta montre sivilizasyon sa yo te

- (1) konte sou teknik agrikòl a motè
- (2) fè anpil komès manje youn ak lòt
- (3) adapte yo ak anviwonman an ak teknik agrikòl orijinal
- (4) konte sou yon ekonomi ki baze sou yon sèl rekòt

19 Anpil monak Ewopeyen nan ane 1600 yo te mentni yo ta dwe gen pouvwa absoli pou gouvènè paske yo te

- (1) bezwen defann peyi yo kont menas Emisfè Oksidantal la
- (2) panse tout pèp ta dwe gen dwa pou yo gen yon bon dirijan
- (3) resewva pouvwa yo genyen pou yo dirije a nan men Bondye
- (4) panse se kominis ki sistèm politik siperyè a

20 Modèl elyosantrik la, devlopman rezonman endiktif la, epi travay Descartes la, tout sa te asosye ak ki revolisyon?

- | | |
|---------------|---------------|
| (1) Neyolitik | (3) Vèt |
| (2) Agrikòl | (4) Syantifik |

21 Ki lide ki te tounen yon kwayans santral pandan Syèk Limyè a?

- (1) Si yo itilize la rezon sa tap mennen pwogrè imen.
- (2) Yo ka itilize matematik pou rezoud tout pwoblèm imen.
- (3) Se ansyen Women yo ki te gen pi bon fòm gouvènman an.
- (4) Pèp la dwe pase dwa natirèl yo genyen yo bay dirijan yo.

Baze repons ou pou kesyon 22 sou deklarasyon ki pi ba la a, epi sou konesans ou nan syans sosyal.

Deklarasyon A: Nou te travay yon kote ki te gen anpil bri ak anpil danje. Nou te fè epi nou te refè menm travay la. Anpil travayè, byen souvan timoun, te pèdi dwèt yo, manm yo, epi menm lavi yo.

Deklarasyon B: Gouvènman pa dwe mele nan biznis. Lè li fè sa, li twouble ekilib ki genyen ant òf ak demann.

Deklarasyon C: Gouvènman te gen obligasyon pou li mele pou li ka bay pèp la kè kontan ak sekirite nan lavi yo.

Deklarasyon D: Pwogrè nan teknik ak prensip agrikòl te lakòz yon ogmantasyon nan resous alimantè ak matyè premyè, epi sa te fè fèmme yo soti kite lakanpay pou ale lavil.


22 Tout deklarasyon sa yo dekri evenman oswa pwennvi ki gen rapò ak

- (1) Refòm Pwotestan
- (2) Revolisyon Komèsyal
- (3) Revolisyon Endistriyèl
- (4) Konferans Bèlen

23 Kisa ki yon prensip kle nan ekonomi mache a?

- (1) Se leta ki kontwole mwayen pwodiksyon yo.
- (2) Òf ak demann detèminen pwodiksyon ak pri.
- (3) Se klas sosyal ki detèminen opòtinite pou travay.
- (4) Se tout moun ansanm ki posede biznis.

Baze repons ou pou kesyon 24 sou kat ki pi ba la a, epi sou konesans ou nan syans sosyal.



Sous: *World History on File*, 1999 (adapte)

24 Ki konklizyon sou popilasyon Grann Bretay ant 1701 ak 1850 kat sa a sipòte pi byen?

- (1) Twoub politik fè moun ki rete nan zòn riral yo al rete lavil.
- (2) Anpil moun te kite zòn Lonn lan pou ale nan Liverpool ak Birmingham.
- (3) Gwosè pifò zòn riral yo te diminye.
- (4) Popilasyon kèk vil ak vilaj te ogmante dramatikman.

25 **Fado Blan an.**

“Konprann fado blan an—

Voye sa ki pi bon nan sa ou elve yo—
 Voye pitit gason ou yo ann egzil
 Pou ou ka satisfè bezwen prizonye w yo;
 Pou rete tann, nan gwo materyèl epè,
 Moun ak sovaj ki ajite—
 Nouvo pèp mosad ou fenk kenbe yo,
 Mwatye dyab epi mwatye timoun. . . .”

— Rudyard Kipling, 1899

Yo asosye estwòf sa a ki soti nan powèm Kipling la ak kwayans ki di se te devwa pisans kolonyal wès yo pou

- (1) yo aprann nan men pèp yo konkeri yo
- (2) aprann koloni yo kouman pou yo pwodwi machandiz fabrike
- (3) sivilize pèp yo kontwole yo
- (4) akseptè peyi ki mwen devlope yo kòm egal

26 Ki de (2) gran lide ki te genyen nan zèv Karl Marx te ekri yo?

- (1) pi fò yo rete vivan poutèt seleksyon natirèl
- (2) lit klas ak chanjman revolisyonè
- (3) separasyon pouvwa ak mekanis ekilib pouvwa
- (4) monoteyis ak tolerans relijye

27 Ant 1845 ak 1860, ki faktè ki te lakòz yon gwo dekadans nan popilasyon Ilann nan?

- | | |
|----------------|---------------------|
| (1) grangou | (3) flewo |
| (2) lagè sivil | (4) lagè kont Espay |

28 Kapasite Anpi Ottoman an te genyen pou li agrandi fwontyè li yo te depann de

- (1) èd militè nan men Ewòp Delwès
- (2) anpil komès ak Amerik yo
- (3) alyans ki te fòme pandan Premye Gè Mondyal
- (4) pozisyon estratejik ant Ewòp ak Azi

29 Yon aksyon anpil gouvènman te pran pandan Premye Gè Mondyal la se te pou

- (1) ankouraje opozisyon politik ak libète laprès
- (2) kontwole sistèm ekonomik yo pou ogmante pwodiksyon
- (3) anpeche fanm chèche travay nan manifakti
- (4) ogmante tarif pou ankouraje komès

30 Trete Vèsay la te fè anpil Alman fache apre Premye Gè Mondyal la paske trete a te

- (1) divize Almay an zòn Kominis ak zòn ki pa Kominis
- (2) fè Almay retabli anperè li yo
- (3) egzije tout Ewopeyen ki pale alman pou yo tounen ann Almay
- (4) fòse Almay peye gwo lajan pou reparasyon lagè

31 “. . . Eleman fondamantal doktrin Fasis la se konsepsyon li genyen de Leta, nannan li, fonksyon li, epi objektif li. Pou Fasis, Leta se yon pouvwa absoli; moun ak gwoup se faktè relatif. Yo kapab admèt moun ansanm ak gwoup depi se Leta ki vlope yo. Olye pou yo dirije jwèt la epi pou yo gide pwogrè materyèl ak moral kominote a, Leta liberal la limite aktivite pa li yo dapre rezilta ki anrejistre yo. Leta Fasis gen je li louvri byen gran epi li gen pwòp volonte pa li. Se rezon sa a ki fè yo ka kalifye li de ‘etik’. . . .”

— Benito Mussolini, *Fascism: Doctrine and Institutions*, Howard Fertig, Inc., 1932

Ki deklarasyon ki fè konnen lide prensipal pasaj la?

- (1) Pèp la gen yon dwa pou li ranvèse gouvènman ki pa efikas.
- (2) Leta pi enpòtan pase moun ki ladan li yo.
- (3) Leta jwenn otorite li nan pouvwa moun.
- (4) Etablisman yon anpi va koze divizyon ak dezòd.

32 Ki evennman yo asosye pi plis ak kòmansman Dezyèm Gè Mondyal ann Ewòp?

- (1) envazyon lame Nazi yo te fè sou Polòy
- (2) siyati akò Minik la
- (3) konstriksyon Miray Bèlen an
- (4) asasinasyon Achidik Franz Ferdinand

33 Byenke Kiba pèdi sipò anpil peyi, yon rezon ki fè Fidel Castro rete sou pouvwa se paske li

- (1) te etabli komès lib ak Etazini
- (2) te kont kominis
- (3) entèdi pratike Katolis
- (4) ogmante estanda lavi pou anpil Kiben

Baze repons ou pou kesyon 34 sou deklarasyon ki pi ba la a, epi sou konesans ou nan syans sosyal.

. . . Pati yo dakò, yo dwe konsidere yon atak ame kont youn oswa plizyè ladan yo ann Ewòp oswa ann Amerik Dinò tankou yon atak kont yo tout, epi pa konsekan, yo soti dakò, si yon atak ame konsa fèt, yo chak, lè yap egzèsè dwa yo genyen pou lejitim defans endividyèl oswa kolektif yo . . . va ede Pati a oswa Pati yo atake yo epi yo va pran aksyon yo jije nesèsè a imedyatman, endividyèlman oswa ansanm ak lòt Pati, epi yo ka menm itilize fòs militè, pou restore ak mentni sekirite nan . . . zòn lan. . . .

34 Ki òganizasyon ki gen deklarasyon sa a nan konstitisyon li?

- (1) Pak Vasovi
- (2) Nasyonzini
- (3) Òganizasyon Eta Ameriken
- (4) Òganizasyon Trete Atlantik Dinò

35 Yon similarite ki genyen ant Pyè Legran (*Peter the Great*) nan Risi ak Deng Xiaoping nan Repiblik Popilè Chin nan se paske yo chak te

- (1) reziste refòm ekonomik ak sosyal nan peyi li
- (2) rejte kilti peyi li an favè yon kilti etranje
- (3) ankouraje modènizasyon ekonomik ak teknolojik nan peyi li
- (4) fè esperyans envazyon etranje ki te prèske gen siksè nan peyi li

36 “. . . Pati Kominis Inyon Sovyetik la te epi li toujou rete yon pati natirèl epi inalyenab nan fòs sosyal la.



Kolaborasyon yo va rann li posib pou yo rive nan dènnye objektif Perestroika a: pou renouvle sosyete nou an nan kad chwa sosyalis la, sou liy pwogrè nan direksyon yon sosyalis demokratik imen. . . .”

Kiyès lidè ki gen pi plis chans pou li ta fè deklarasyon sa a?

- (1) Kwame Nkrumah
- (2) Mohandas Gandhi
- (3) Benito Mussolini
- (4) Mikhail Gorbachev

Baze repons ou pou kesyon 37 sou kat ki pi ba la a, epi sou konesans ou nan syans sosyal.

Devlopman Inyon Ewopeyen 1957–1995



Sous: Elisabeth Gaynor Ellis ak Anthony Esler, *World History: Connections to Today*, Prentice Hall, 1999 (adapte)


37 Ki deklarasyon ki pi egzak sou Inyon Ewopeyen an (IU)?

- (1) Tout peyi Ewopeyen te manm.
- (2) Kantite manm yo te ogmante depi 1957.
- (3) Tout manm yo te manm Pak Vasovi a tou.
- (4) Yo te ankouraje entèdepandans ant Ewòp ak Amerik yo.

38 Nan fen 20yèm syèk la, kisa ki te yon pwoblèm kòmen ant Balkan yo, Rwanda, ak Endonezi?

- (1) eliminasyon dechè nikleyè
- (2) konfli etnik oswa relijye
- (3) sechrès ak grangou
- (4) twòp moun nan sant iben yo

Baze repons ou pou kesyon 39 sou katogram ki pi ba la a, epi sou konesans ou nan syans sosyal.



Sous: *The 1998 Information Please Almanac*, Houghton Mifflin (adapte)

39 Dapre enfòmasyon ki sou katogram sa a, kisa ki yon konklizyon valab sou tè agrikòl ann Afrik nan ane 1990 yo?

- (1) Distribisyon tè agrikòl ann Afrik pa egal.
- (2) Yo jwenn pifò tè agrikòl ann Afrik nan Afrik Disid.
- (3) Tè agrikòl ann Afrik te ogmante nan ane 1990 yo.
- (4) Tanzani gen yon pi gwo pousantaj tè agrikòl pase Senegal.


40 Deforestasyon, lapli asid, epi efè rechofman planèt la se gwo pwoblèm mondyal ki fè konnen gen yon nesosite pou

- (1) kolaborasyon ant peyi yo pou redwi polisyon ak dekstriksyon anviwonman an
- (2) devlopman sistèm transpò piblik nan peyi kap devlope yo
- (3) yon ogmantasyon nan pwodiksyon lwil nan lemonn
- (4) yon rediksyon nan pwodiksyon rekòt nan kèk kote nan lemonn

41 Sivilizasyon Goupta a (4yèm–6yèm syèk) ak sivilizasyon Maya a (4yèm–10yèm syèk) te sanble paske toude te

- (1) bati bilding tanp epi yo te devlope konsèp zewo a
- (2) elimine lame ki anplas la epi te entwodwi yon aristokrasi
- (3) devlope sistèm demokratik depi okòmansman
- (4) enperyalis Ewopeyen te konkeri

Baze repons ou pou kesyon 42 sou grafik ki pi ba la a, epi sou konesans ou nan syans sosyal.



Sous yo: World Bank Development Report, 1979 ak World Bank Development Report, 1989 (adapte)

42 Dapre enfòmasyon grafik la bay la, ki peyi Amerik Latin ki te gen pi gwo ogmantasyon pandan 10 ane nan dèt etranje an bilyon dolar U.S. ant 1977 ak 1987?

- (1) Brezil
- (2) Ajantin
- (3) Meksik
- (4) Venezwela


43 Mo *endistri familyal*, *mèkantilis*, *gild*, *lesefè* asosye pi plis ak sistèm

- (1) politik
- (2) sosyal
- (3) ekonomik
- (4) kwayans

44 Pandan ane ki te vini apre Restorasyon Meiji a nan Japon epi Inifikasyon Almay nan 19yèm syèk la, nan toude peyi yo te gen yon

- (1) ogmantasyon nan pwodiksyon militè epi fòtifikasyon fòs militè yo
- (2) rediksyon nan tansyon ki te genyen ak peyi vwazen yo
- (3) remaniman nan gouvènman an pou mete monak pèp la te eli
- (4) diminisyon nan depandans sou endistriyalizasyon ak komès

Baze repons ou pou kesyon 45 sou kat ki pi ba la a, epi sou konesans ou nan syans sosyal.



Sous: Historical Maps on File, Martin Greenwald Associates (adapte)


45 Pi bon tit pou kat sa a tap

- (1) Ewòp ant Gè Mondyal yo
- (2) Ewòp Jodi a
- (3) Ewòp Sou Napoleon
- (4) Ewòp Pandan Renesans

46 Yon jan Aleksann II (*Alexander II*), Katrin Lagrann (*Catherine the Great*), ak Boris Yeltsin te jwe wòl ki sanble nan istwa Ris la se paske yo te

- (1) mennen revolisyon komini yo
- (2) ankouraje refòm
- (3) depann de eliminasyon Estanilis
- (4) sipòte espansyon teritoryal

Baze repons ou pou kesyon 47 ak 48 sou kat ki pi ba la a, epi sou konesans ou nan syans sosyal.



Sous: Richard G. Boehm et al., *Building Skills in Geography*, Glencoe McGraw-Hill, 1996 (adapte)

47 Ki konklizyon enfòmasyon yo bay sou kat la sipòte?

- (1) Risi depann anpil sou lwil enpòte.
- (2) Etazini espòte yon tikras lwil oswa li pa espòte lwil ditou.
- (3) Amerik Disid espòte plis lwil pase Afrik.
- (4) Pifò lwil nan Mwayennoryan al Japon.

48 Kat sa a ilistre pi byen konsèp

- (1) asimilasyon
- (2) pwoteksyonis
- (3) entèdepandans
- (4) enperyalis

- 49 • Pon ayeryen Bèlen
• Kriz misil Kiben
• Kous zam nikleyè

Evennman sa yo te fè pati yon epòk yo rele

- (1) Laj Enperyalis
- (2) Revolisyon Syantifik
- (3) Syèk Limyè
- (4) Lagè Fwad

50 Konsekans konfli ant Outou ak Toutsis, Otoman Tik ak Amenyen, epi Sovyetik ak kulak Ikrenien se te

- (1) etablisman nouvo gouvènman
- (2) entèvansyon entènasyonal
- (3) masak oswa jenosid
- (4) entèdepandans kiltirèl

Lè w fini Premye Pati a, ale tou dwat nan Dezyèm Pati a.

Repons pou kesyon sou redaksyon yo fèt pou ekri nan tiliv separe pou redaksyon an.

Lè wap devlope repons ou pou Dezyèm Pati a, ou dwe kenbe definisyon jeneral sa yo nan lide ou:

- (a) pale sou yon sijè vle di “fè kòmantè sou yon bagay pou di sa ki pase, rezone, epi bay agiman; bay detay pou prezante bagay la”
- (b) evalye vle di “analize ak jije siyifikasyon, valè oswa kondisyon yon bagay; gade valè yon bagay”

Dezyèm Pati

KESYON POU REDAKSYON TEMATIK

Esplikasyon: Ekri yon redaksyon ki byen òganize ki gen yon entwodiksyon, plizyè paragaf sou objektif travay ki pi ba la a, ak yon konklizyon.

Tèm: Chanjman [Evennman Politik]

Evennman politik ventyèm syèk yo te gen efè pozitif ak negatif sou istwa jeneral.

Objektif Travay la:

Idantifye **de** (2) evennman politik ki fèt nan ventyèm syèk la epi pou **chak**

- Pale de sikonstans istorik ki mennen evennman an
- Evalye jiska ki pwenn evennman an te gen yon efè pozitif **oswa** negatif sou istwa jeneral

Ou ka itilize nenpòt gwo evennman politik ou etidye nan istwa jeneral. Ou ka vle konsidere mete kèk sijesyon tankou lè Lenin te etabli yon gouvènman Kominis an Risi, monte gouvènman totalitatè ann Ewòp, lè Ho Chi Minh te fè inifikasyon Vyetnam kont enperyalis, sipò pou fondamantalès Islamik ki te ogmanente nan Mwayennoryan, Revolisyon Kiltirèl Mao Zedong te fè nan Chin, Miray Bèlen an yo te demonte, devlopman zam nikleyè nan End ak Pakistan, opozisyon Nelson Mandela te fè kont apatèyid nan Afrik Disid.

Pa konsidere sijesyon sa a yo sèlman.

Pa itilize evennman ki rive nan Etazini nan repons ou, menm si ou ka mete wòl Etazini te jwe a nan diskisyon efè pozitif oswa efè negatif yo.

Direktiv:

Nan redaksyon w lan, sonje pou w:

- Devlope tout aspè nan objektif travay la
- Di sa ki pase ki gen rapò ak sijè a, epi bay egzanp, ak detay pou sipòte tèm nan
- Itilize yon plan òganizasyon ki lojik epi ki klè. Mete yon entwodiksyon ak yon konklizyon ki ale pi lwen toujou olye pou ou annik repete tèm nan.

NON ELÈV LA _____ NON LEKÒL LA _____

Lè wap devlope repons ou pou Twazyèm Pati a, ou dwe kenbe definisyon jeneral sa yo nan lide ou:

pale sou yon sijè vle di “fè kòmantè sou yon bagay pou di sa ki pase, rezon, epi bay agiman; bay detay pou prezante bagay la”

Twazyèm Pati

KESYON KI BAZE SOU DOKIMAN

Kesyon sa a mache ak dokiman sa yo. Kesyon an la pou li teste kapasite w nan sèvi ak dokiman istorik. Yo edite kèk nan dokiman yo pou yo kapab sèvi pou kesyon an. Lè wap analize dokiman yo, konsidere sous kote chak dokiman soti a ak ki pwennvi ki parèt nan dokiman an.

Kontèks Istorik:

Toupatou nan listwa, konkèt yo pote chanjman politik, ekonomik, epi sosyal nan sosyete byen espesifik. Gwoup tankou **Mongòl**, **Panyòl**, epi **Franse** te pote anpil chanjman nan zòn yo te konkeri a.

Objektif

Travay la: Avèk enfòmasyon ou pran nan dokiman yo, epi konesans ou nan istwa jeneral, reponn kesyon ki vin apre chak dokiman nan Seksyon A a. Repons ou bay pou kesyon yo pral ede w ekri redaksyon nan Seksyon B a, kote yo pral mande w

Chwazi **de (2)** nan gwoup yo nonmen nan kontèks istorik la, epi pou **chak**

- Pale de chanjman politik, ekonomik, **epi/oswa** sosyal ki konsekans konkèt la

Seksyon A

Kesyon ki Mande Repons Kout

Esplikasyon: Analyze dokiman yo epi reponn kesyon ki mande repons kout ki swiv chak dokiman nan espas yo bay la.

Dokiman 1

. . . Piyay jeneral ak destriksyon pwopriyete ak lavi nan Risi pandan envazyon Mongòl ki te fèt an 1237–40 la te yon gwo kou ki te kite pèp Ris la pantan, epi ki te twouble lavi ekonomik ak politik nòminal. Li difisil pou evalye kantite dega ki te fèt nan Risi, men yo dwe te anpil, epi si nou mete gwo mas sivil yo, ni gason ni fanm, Mongòl yo te fè tounen esklav yo ladan, yo pat menm ka mwens pase 10 pousan nan popilasyon total la.

Nan debak [defèt ak dezas] la se vil yo ki te soufri pi plis. Ansyen sant sivilizasyon Ris tankou Kyèv, Chernigov, Pereiaslav, Riazan, Suzdal, epi sant ki yon ti jan pi jenn tankou Vladimir-in-Suzdalia, ansanm ak tout yon seri lòt vil te detwi, epi twa premye ki nonmen pi wo la a yo te pèdi ansyen enpòtans yo te genyen an pandan plizyè syèk. Se kèk gran vil nan zòn wès ak nò nan Risi sèlman tankou Smolensk, Novgorod, Pskov, and Galich (Halicz) ki te chape devastasyon lè sa a. Prensip Mongòl te genyen pou anwole pa lafòs [rekrute pa lafòs] atis ak atizan kalifye pou sèvis kahn lan te ajoute yon nouvo fado menm pou vil sa yo ki te chape destriksyon fizik pandan premye peryòd konkèt la. Yo te voye yon bon kantite nan pi bon bijoutye ak atis Ris yo nan gran kahn lan. Tankou nou remake, Frè John of Plano Carpini te rankontre youn ladan yo, òfèv Kuzma, nan kan Guyuk. Kahn Golden Horde a te kòmande anpil lòt pou pwòp sèvis pèsonèl pa li, ansanm ak pou bati epi anbeli [dekore] Saray, kapital pa li a. Yo te chwazi plizyè kalite atizan — machòkèt, moun ki fè zam, selye, eksetera — pou mete yo nan òdis [palè] manm kay Juchi a epi nan palè gwo kòmandan lame Mongòl yo nan zòn Sid nan Risi. . . .

Sous: George Vernadsky, *The Mongols and Russia*, Yale University Press

1 Dapre dokiman sa a, ki **de (2)** jan konkèt Mongòl la te chanje Risi? [2]

(1) _____

_____ Nòt

(2) _____

_____ Nòt

Dokiman 2

. . . Istoryen Erazyen yo fè konnen Enpak Mongòl la te nan avantaj Ris yo anpil. “Tata [Mongòl] yo te defann Risi kont Ewòp, konsa li te pwoteje li kont konkèt Wès la. Apre konkèt Mongòl yo ak pèp Ris [Risi] a te egziste ann amoni epi nan lapè. Ris yo te adopte trè karakteristik Tiranyen [Azyatik] yo nan men konkeran yo: fèmte, konviksyon, kouraj ak pyete relijye, tout sa te ankouraje devlopman Eta moskovit la. Mongòl yo te garanti Risi relasyon kòmèsyal ak kiltirèl estab ak Loryan an, yo te ranfòse pozisyon legliz Otodòks la. Nan mitan 13yèm syèk la, Alexander Nevskii, prens Novgorod la, ki te konfwonte yon chwa fatal, te chwazi Ès la nan plas Wès la ak anpil sajès. “Alexander Nevskii te wè nan Mongòl yo yon fòs favorab nan yon sans kiltirèl ki te ka ede li prezève epi konsolide idantite kiltirèl Ris anfas Wès Laten an.” . . .

Sous: MacKenzie ak Curran, *A History of Russia, the Soviet Union, and Beyond*,
Wadsworth/Thomson Learning

2 Dapre dokiman sa a, di **de (2)** chanjman ki te fèt nan Risi kòm yon konsekans gouvènman Mongòl la. [2]

(1) _____

_____ Nòt

(2) _____

_____ Nòt

Dokiman 3

. . . Lè li mouri an 1227, Genghis Khan te kontwole pifò zòn nò nan Chin, men tè marekaj ki nan zòn sid la te anpeche rejiman li a avanse pi lwen. Pitit gason li yo te ogmante kontwòl Mongòl la pi lwen toujou paske yo te konkeri teritwa ki nan lès ak nan lwès yo. Yo te divize anpi a an kat (4) gwo kanat, nan Pès, Azi Santral, Risi, ak Azi Delès. . . .

Kublai Khan te yon dirijan enèjik epi konpetan. Li te òganize anpil lachas ki sanble ak lagè pou li te ka montre li te kenbe tradisyon Mongòl la, men li te montre apresyasyon pou kilti Chinwa a. Li te aji yon fason pou restore kèk nan devastasyon ki te fèt nan zòn Nò nan Chin. Li te koumanse yon gwo renovasyon nan Gran Kannal la, ki te tèlman enpòtan pou richès ak inite peyi a. Li te dirije konstriksyon pwojè kontwòl dlo a, tankou baraj ak ladig sou Rivyè Jòn nan

Pandan gouvènman Mongòl la, komès te remonte ak Azi Santral ak Mwayen Oryan. Se fanmi khan ki te dirije toude zòn sa yo. Gwo teritwa Mongòl yo te kontwole yo te fè esperyans yon lapè jeneral, yo te rele *Pax Mongolica*. Yo te di “yon jennfi ki te gen yon pipèt lò sou tèt li te ka pwonmnen toupatou nan wayòm nan.” Yon lòt fwa ankò, karavann chamo te pote pwodwi Chinwa tankou pòslèn, te, medikaman, swa, epi jwe kat nan Mwayennoryan ak nan Ewòp. . . .

Sous: Dorothy Hoobler et al., *China*, Globe Book

3 Dapre dokiman sa a, idantifye **de (2)** jan gouvènman Mongòl la te chanje Chin. [2]

(1) _____

_____ Nòt

(2) _____

_____ Nòt

Dokiman 4

Yon pòtre ki te fèt an 1737 epi ki montre yon prèt Panyòl kap preche Endyen nan Meksik



Sous: Isidro Félix de Espinosa, "Engraving of Father Margil," *El Peregrino Septentrional Atlante: Delineado en la Exemparissima Vida del Venerable Padre F. Antonio Margil de Jesús, 1737**

4 Dapre sa yo montre nan pòtre sa a, di **yon** enpak Panyòl te gen sou lavi pèp natifnatal yo nan Meksik. [1]

Nòt

*Yo jwenn li nan East Texas Research Center, Stephen F. Austin State University, Nacogdoches, Texas epi pa mwayen Texas Tides, <http://tides.sfasu.edu> (adapte)

Dokiman 5

Kouman yo gouvènèn Anpi Panyòl la nan Emisfè Oksidantal

Lavi nan koloni Nouvèl Espay [koloni Panyòl] la te konplike — enstitisyon dominan yo ak tandans kiltirèl yo te gen orijin Panyòl, men yo te modifiye nan kad Nouvo Monn lan. Sosyete a pat estatik, evolisyon te make sistèm politik ak relijye yo, epi chanjman te yon trè karakteristik nan lavi ekonomik, sosyal, ak entelektyèl. Anjeneral, adaptasyon sa yo te reflekte devlopman ki tap fèt ann Ewòp yo, sous desizyon ak kontwòl debaz. Pandan twa syèk kòm koloni, yo te kenbe Nouvèl Espay sou dominasyon lamè patri nan yon seri fason, koumanse ak yon lwayote yo enpoze sou li pou lakouwòn. . . .

Nan Nouvèl Espay limenm, viswa a [gouvènèn] te ofisye ak ajan ki te plase pi wo nan absolisitè wayal la. Antanke reprezantan pèsònèl wa a, li te gen anpil otorite epi li te jwi anpil onè ak deferans [respè]. Yo te peye li yon bèl salè (ven mil pesos nan disyèm syèk la, twa fwa lavalè nan dizwityèm nan), li te rete nan yon palès enpresyonan ki te plen sèvitè an kostim distenge [ann inifòm] ladan, epi li te gen yon lakou ki bèl menm jan ak lakou yon monak Ewopeyen. Pandan epòk kolonyal la, te gen swasanteyen viswa. Pifò ladan yo te fè pati noblès atitre a oswa omwen yo te fèt nan klas lelit; onz te soti nan yerachi Legliz la [otorite legliz], epi twa sèlman nan moun ki te gen pòs elve [gwo] sa a te *criollos* [Kreyòl], de (2) ladan yo te pitit gason viswa.

Viswa a te fonksyonnen kòm direktè egzekitif, kapitèn jeneral fòs militè, gouvènèn, sipèvizè trezò wayal la (*real hacienda*), epi prezidan *audiencia* (tribinal administratif) Meksik. Li te fè obsève lalwa ak dekrè wayal yo, li te fè pase òdonans ki gen rapò ak zafè lokal, li te nonmen otorite kolonyal yo, distribiye tè ak papye tè, li te fè reklam pou kolonizasyon ak teritwa kolonize yo, epi li te pwoteje endyen yo. Li te vispatwon pifò tantativ relijye, epi nan pouvwa eklezyastik [legliz] li te genyen yo, li te gen dwa pou detèminen limit eveche [distrik] yo epi pou nonmen fonksyonè legliz yo. . . .


Sous: Robert Ryal Miller, *Mexico: A History*, University of Oklahoma Press

5 Dapre dokiman sa a, ki efè Panyòl yo te fè sou koloni yo te genyen nan Nouvèl Espay yo? [1]

Nòt

Dokiman 6

Klas Sosyal nan Koloni Panyòl yo




Sous: John Osborne et al., *Global Studies*,
N & N Publishing (adapte)

6 Dapre tablo sa a, idantifye **yon** chanjman ki te konsekans konkèt Panyòl nan Amerik Latin. [1]

Nòt

Dokiman 7



Sous: Peiser ak Serber, *Our World*, AMSCO (adapte)

7 Dapre kat sa a, di **yon** enpak politik konkèt Napoleon yo te gen ann Ewòp. [1]

Nòt

Dokiman 8

. . . Menm nan kote tankou Olann, Almay, Swis, Itali ak Ilirya, kote Kòd [Napoleon] an pat fè pi plis tan pase Anpi a, li te kite yon gwo mak sou dwa sivil nan rejyon an. Abolisyon Kòd la te tèlman koze konfizyon ak dezòd nan kèk peyi, yo te tounen sèvi avèk li ankò. Nan prèskil Italyen an, pa egzanp, De (2) Sisil yo an 1812 ak Pama, Modena, epi Sadinya pita te vin adopte kòd ki soti nan Kòd Napoleonyen an. Kòd Wayòm Itali a, ki te adopte an 1864, menm jan an tou, te gen sous li nan Kòd Napoleonyen an. Bèlj yo, ki te enkòpore nan Wayòm Peyiba yo depi 1815 pou jis 1830, te tèlman goumen pou Kòd Napoleonyen an, menm apre yo te fin separe, Olann an 1838 te adopte yon kòd ki baze sou pa Kòd Napoleon an.

Kòd Napoleon an te enpresyonnen gouvènman yo tèlman, menm pou sa ki pat adopte li yo, 19yèm syèk la te vin gran syèk kodifikasyon legal la. Anplis peyi ki mansyonnen pi wo la yo, Otrich, Pòtigal, Espay, Almay, ak Tiki, tout te adopte kòd sivil yo. Men pa Napoleon an te predominen fasilman nan monn dwa sivil la, pa rapò ak mond dwa komen an. . . .

Kòd la te kontribye anpil nan jan Napoleon te fini pa ede Frans soti nan lepase. Li te konsolide ide libète moun ak libète kontra (menm dwa pou antre nan nenpòt kote ki sou okipasyon li), egalite tout franse, epi libète sosyete sivil la ki te sou kontwòl eklezyastik [legliz] la. Antanke premye vrè kòd lwa, Kòd Napoleon an, pou premye fwa nan listwa modèn, te bay yon peyi yon sistèm dwa inifye pou tout sitwayen san distenksyon. Piske li bay lalwa yon aparans idantik, li ankouraje inite nasyonal Revolisyon an te ankouraje pi plis la. Tout pèspektiv li se pou bay laboujwazi plis elan pou li ka monte. Te gen yon menas pou dezentegrasyon fanmi ki te sispann toudenkou dapre Konvansyon ak Direktwa a, epi yon lòt fwa ankò fanmi te vin enstitisyon sosyal ki pi enpòtan an. . . .

Sous: Robert B. Holtman, *The Napoleonic Revolution*, J.B. Lippincott

8 Dapre dokiman sa a, idantifye **de (2)** chanjman Kòd Napoleon an te pote. [2]

(1) _____

_____ Nòt

(2) _____

_____ Nòt

Dokiman 9

. . . Men plan ak anbisyon Napoleon Bonaparte la te enspire pèp Amerik Latin lan, byenke se pat tèlman yon jan Napoleon te espere. Diktatè franse a te anvayi Espay an 1808, li te fòse wa a abdike [renonse twòn lan] epi prezante kouwòn Panyòl la bay Joseph frè li. Yon sèl kou, Amerik Latin te vin fè pati anpi fanmi Bonaparte la. (Kèk mwa anvan sa, Napoleon te anvayi Pòtigal, epi fanmi wayal Pòtigè a te oblije kouri kite pou li ale nan koloni li te genyen nan Brezil la.)

Pèp Amerik Latin lan te reyaji bridsoukou kont izipatè franse sa a. Yo te refize aksepte Joseph Bonaparte kòm wa, yo te afimen [deklare] lwayote yo pou Mezon Boubon Panyòl la, epi yo te sezi kontwòl gouvènman lokal yo. Men prèske depi okòmansman, rebelyon kont Napoleon te vin tounen yon revolisyon pou endepandans total. Yo pat ka tounen nan ansyen sistèm nan. . . .

Sous: Robert J. Alexander, *Latin America*, Scholastic Book Services

9 Dapre dokiman sa a, ki efè envazyon Napoleon te fè ann Espay la te gen sou Amerik Latin? [1]

Nòt

Seksyon B

Redaksyon

Esplikasyon: Ekri yon redaksyon ki byen òganize ki gen yon entwodiksyon, plizyè paragraf, ak yon konklizyon. Sèvi ak prèv ki nan omwens **kat** dokiman, nan pati ki gen devlopman sijè nan redaksyon an. Di sa ki pase ki anrapò ak sijè a, epi bay egzanp, ak detay pou sipòte repons ou bay la. Mete tout lòt enfòmasyon siplemantè ou ta jwenn sou sa.

Kontèks Istorik:

Toupatou nan listwa, konkèt yo pote chanjman politik, ekonomik, epi sosyal nan sosyete byen espesifik. Gwoup tankou **Mongòl**, **Panyòl**, epi **Franse** te pote anpil chanjman nan zòn yo te konkeri a.

Objektif

Travay la: Avèk enfòmasyon ou pran nan dokiman yo, epi konesans ou sou istwa jeneral, ekri yon redaksyon kote ou:

Chwazi **de (2)** nan gwoup yo nonmen nan kontèks istorik la, epi pou **chak**

- Pale de chanjman politik, ekonomik, **epi/oswa** sosyal ki konsekans konkèt la

Direktiv:

Nan redaksyon w lan, sonje pou w:

- Devlope tout aspè nan objektif travay la
- Enkòpore enfòmasyon ki soti nan omwens **kat** dokiman
- Mete enfòmasyon ou jwenn deyò epi ki gen rapò ak sijè a
- Di sa ki pase ki gen rapò ak sijè a, epi bay egzanp, ak detay pou sipòte tèm nan
- Itilize yon plan òganizasyon ki lojik epi ki klè. Mete yon entwodiksyon ak yon konklizyon ki ale pi lwen toujou olye pou ou annik repete tèm nan.

ISTWA JENERAL AK JEYOGRAFI

Jedi, 27 janvyè 2005 — 9:15 dimaten pou 12:15 apremidi, sèlman

FÈY REPONS

Gason

Non Elèv la G/F: Fi

Non Pwofesè a

Non Lekòl la

Ekri repons ou yo pou Premye Pati a nan paj repons la, ekri repons ou yo pou Twazyèm Pati Seksyon A nan liv egzamen an, epi ekri repons ou yo pou Dezyèm Pati a ak Twazyèm Pati Seksyon B a nan yon lòt tiliv redaksyon apa a.

FOR TEACHER USE ONLY

Part I Score _____

Part III A Score _____

Total Part I and III A Score

Part II Essay Score _____

Part III B Essay Score _____

Total Essay Score

Final Score
(obtained from conversion chart)

Premye Pati

- 1..... 26.....
- 2..... 27.....
- 3..... 28.....
- 4..... 29.....
- 5..... 30.....
- 6..... 31.....
- 7..... 32.....
- 8..... 33.....
- 9..... 34.....
- 10..... 35.....
- 11..... 36.....
- 12..... 37.....
- 13..... 38.....
- 14..... 39.....
- 15..... 40.....
- 16..... 41.....
- 17..... 42.....
- 18..... 43.....
- 19..... 44.....
- 20..... 45.....
- 21..... 46.....
- 22..... 47.....
- 23..... 48.....
- 24..... 49.....
- 25..... 50.....

No.
Right

Fò w siyen deklarasyon sa a lè ou fin pran egzamen an.

Mwen konfime, jiska lè egzamen an fini, mwen pa te wè okenn kesyon nan egzamen sa a epi mwen pa te okouran okenn repons nan egzamen sa a anvan jou egzamen an yon fason ki ilegal. Epi tou mwen pa ni bay ni m pat resevwa okenn poul pandan m ap pran egzamen an.

Koupe fèy papye sa a la a.

Koupe fèy papye sa a la a.

Koupe fèy papye sa a la a.

Koupe fèy papye sa a la a.